



THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

600 Southeast Third Avenue • Fort Lauderdale, Florida 33301 • Office: 754-321-2600 • Fax: 754-321-2701

ROBERT W. RUNCIE
Superintendent of Schools

**The School Board of
Broward County, Florida**

Donna Korn, Chair
Dr. Rosalind Osgood, Vice Chair

24 Mas, 2020

Lori Alhadeff
Robin Bartleman
Heather P. Brinkworth
Patricia Good
Laurie Rich Levinson
Ann Murray
Nora Rupert

Pou Kominote Lekòl Piblik, Broward County Public Schools,

Pandanke lemond ap fokis sou pi bon fason pou atake pandemi kowonaviris, nou dwe reenvante sistèm edikasyon piblik nou pou reponn a defi kreye pa boulevès atravé sosyete a. Yon sitiyasyon ki rive briskeman.

Lekòl nou reflekte chanjman striktirèl ak chanjman sosyal n'ap fè fas nan demokrasi sa.

Kat domenn pou nou konsidere nan kriz sa – ensekirite alimantè, inegalite nan aksè a teknoloji, aksè a sèvis gad ak siveyans timoun (childcare), ak yon sistèm sante frajil. Ou va jwenn anba a repons nou a tout kesyon sa-yo.

Yon timoun sou sèt, oswa plis pase 12 milyon, nan peyi Etazini, anba ensekirite alimantè ak grangou, sentòm gwo pwoblèm nan sosyete a ki se povrete ak inegalite. Plis pase 60% timoun ki frekante lekòl piblik, Broward County Public Schools (BCPS), elijib pou manje gratis oswa a pri redwi. Pou anpil timoun, lekòl piblik se sèl kote yo ka jwenn de repa nourisan – dejene ak lench (manje midi) – toulejou. Anpil nan lekòl-nou-yo, òganizasyon kominoté, sèvi elèv, dine. Se elèv nan pwogram gad ak siveyans timoun (aftercare programs) ki benefisye.

Jwenn fason kontinye nouri timoun-nou-yo lè lekòl-nou fèmen kèlkeswa rezon an – siklòn oswa diran yon pandemi - se yon priyorite. Touswit apre fèmti lekòl, an repons a pwopagasyon viris-la, nou louvri nèf lekòl atravé konte a kote andedan lekòl-la fanmi ka vin pran manje, san pwoblèm, pèsonn pap poze-yo kesyon. Apati Lendi, 30 Mas, nou va louvri 47 lekòl atravé Distri a, epi nou va louvri nouvo sant distribisyon manje, si sa nesesè. Kanpis lekòl-yo ka fèmen, men kwizin nou louvri.

Demenm, alòske kanpis lekòl nou fèmen, enstriksyon ak aprantisaj ap kontinye avèk (#LearningNeverCloses.) Nan twazan ki sot pase yo, nou devlope kapasite nou pou delivre yon pwogram edikasyon pèsonalize avèk yon melanj è nan saldeklas epi resous dijital sou Entènèt, ki disponib nenpòt lè e nenpòt kote. Sistèm Jesyon Aprantisaj nan Canvas ban-nou yon zouti senp pou fè sa posib epi pifò pwofesè nou itilize l nan dènye ane ki sot pase yo. Canvas delivre liv, vèsyon dijital, lyen a pwogram epi resous edikatif, plan leson ak materyèl enstriksyon pou chak klas ak sijè, resous pou elèv ki gen bezwen espesyal ak elèv ki bezwen kourikoulòm/enstriksyon bileng. Pwofesè nou ap travay grasa Canvas pou angaje elèv-nou-yo nan ansèyman adistans apre Vakans Prentan.

Nou va kontinye delivre sévis tankou aprantisaj sosyal e emosyonnel ak sante mantal epi sévis byennèt grasa platfòm ansèyman adistans anmenmtan n'ap konekte konseye lekòl-yo (school counselors), sikològ, travayé sosyal, ak lòt pwofesyonnel sante mantal, avèk elèv-yo ki bezwen sipò ak éd.

Nou va kolabore ak paran pou detèmine ki pi bon fason ak nan ki delè nou va founi sévis ESE ak sévis bileng.

Plis pase 10% elèv atravé peyi a pa gen aksè a teknoloji nimerik (dijital) – yon estatik etonan nan tan teknolojik 21yèm syèk. Pou fè fas a inegalite sa, nou jwenn solisyon sa-yo. Toudabò, nou bay elèv ki pa gen yon konpitè, yon laptop konpitè. Le 20 Mas, nou distribye plis pase 64,000 laptop konpitè bay tout elèv atravé Broward. Jou sa a te posib paske kontribyab (taxpayers) Broward County, te pase nan referandòm SMART Bond nou, sa pèmèt nou achte plis pase 95,000 konpitè epi diminye pwopòsyon elèv konpitè de 6:1 a 2:1, epi kounyea nan plizyè klas pwopòsyon an 1:1. Akòz investisman sa, nou rich an teknoloji epi pare, nan moman sa se sa nou bezwen.

Nou va òganize Samdi, 28 Mas, yon dezyèm distribisyon konpitè pou paran ak gadyen ki pat kapab vini nan lekòl pitit-yo lò premye distribisyon an, oswa paske lekòl-la pat gen laptop konpitè ankò pou l distribye. Diplis, laptop konpitè nou, ak anviwonman aprantisaj nan Entènèt, konfigire yon fason ki konsidere sekirite ak pwoteksyon elèv-nou-yo; nou mete restriksyon sou downloading (telechajman) ak enstale pwogram twazyèm pati devlope.

Yo estime ant senk ak 15% pwofesyonnel sante nan kominote a dwe rete lakay-yo paske lekòl ak biznis ap fèmen. Sa ka kreye plis pwoblèm deja sou sistèm sante a. Pou ede diminye enpak fèmti lekòl sou kominote nou, BCPS ofri tanporèman sévis, gratis, pou gadri ak siveyans timoun (childcare services) nan néf lokal pou tout fanmi sekouris ak pèsonnèl medikal.

Nou tande yon nouvel ke pwofesyonnel sante ap konfwonte – yo pa sèten yo ka jwenn materyèl ak ekipman medikal. Kèk moun konpare sitiyaasyon an “alagè men san aminisyon.” Pwofesyonnel sante nou pa ta dwe mete lavi-yo an danje, kouri risk inital pou sove lezòt. Pou ede, nou va kòmanse fè donasyon materyèl medikal ki nan pwogram sante kolaboratif ak pwogram medikal ke twa kolèj teknik BCPS ofri. Nou va kolekte materyèl medikal nan klinik sitiye nan lekòl primè, midèskoul ak ayeskoul-nou.

Gen anpil kesyon nou bezwen konsidere kounyea epi n'ap kontinye jere tout pwoblèm ki prezante. Leta elimine tout ekzamen ofisyèl, tès evalyasyon baze sou nòm, *Florida Standards Assessments*, ak ekzamen final, *End-of-Course exams*, ladann tou. Kijan nou va detèmine nòt pou klas ak desizyon pou pwomosyon vledi chanje klas? Èske ekzamen SAT, ACT ak AICE va fèt? Kijan nou pral òganize seremoni gradyasyon ayeskoul? Kijan nou va fè klib ak aktivite fonksyone tankou konseye kamarad (peer counseling and mentoring), diskou ak deba, gwoup mizikal ak òkès, teyat, ak divès espò?

Nou twouve n nan yon sitiyaasyon ensèten kote va gen defi e nou ka fè erè. Men nou pwomèt ou nou va korije erè nou epi jwenn solisyon pou valse pi devan. Timoun-nou yo merite pou nou fè plis pou yo.

“It takes a village to raise a child,” (Yon kominote nèt dwe fè edikasyon yon timoun) se yon pwovèb Afriken ki apwopriye nan moman sa ke n’ap viv. Nou apresye anpil asistans ak sipò ajans Leta nou, minisipalite nou, ekspè an sante piblik ak patnè kominote nou, epitou n ap remèsye kominote nou, ki mete tèt ansanm pandan n’ap fè fas ak kriz san presedan sa - travay ansanm - fè tout sa k posib pou ede timoun-nou-yo kontinye aprann epi grandi.

Ke Bondye beni w epi kenbe fanmi-ou an bòn sante epi an sekirite.



Superintendent Robert W. Runcie
Broward County Public Schools

Pou plis enfòmasyon sou kowonaviris, tanpri vizite sit [browardschools.com/coronavirus](https://www.browardschools.com/coronavirus) pou w li dènye mizajou enfòmasyon konsènan elèv, fanmi, pwofesè ak estaf. .